

Nim. 202.14

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinyite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 Mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law), avèk dokiman sa a, ap kontinye ak sispansyon ak modifikasyon lwa yo, ak nenpòt enstwiksyon, ke yon enstwiksyon ilteryè pa sispann, ki te fèt pa Dekrè Egzekitif 202 a ak chak Dekrè Egzekitif ki vin apre sa 202 a, pandan karant jou jiska dat 7 Me 2020, eksepte jan sa limite anba la a.

ANSWIT, Mwen, avèk dokiman sa a, ap sispann oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, pandan peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 7 Me 2020, sa nou pral site la yo:

- Seksyon 6524 nan Lwa sou Edikasyon an (Education Law), seksyon 60.7 nan tit 8 NYRR lan ak paragaf seksyon (1) nan soudivizyon (g) 405.4 nan tit 10 nan NYCRR lan nan tout anplè ki nesèsè pou kapab pèmèt nenpòt doktè ki pral gradye an 2020 nan yon pwogram medikal akademik ki akredite pa yon ajans akreditasyon pou edikasyon medikal pa Komite Lyezon sou Edikasyon Medikal la (Liaison Committee on Medical Education) oswa Asosiyasyon Osteyopatik Amerikèn nan (American Osteopathic Association), epi ki te aksepte pa yon pwogram rezidans ki akredite pa Konsèy Akreditasyon pou Edikasyon Medikal Lisansye (Accreditation Council for Graduate Medical Education) nan oswa deyò Eta New York pou yo ka travay nan nenpòt enstitisyon anba sipèvizyon yon doktè ki gen lisans;
- Soudivizyon en, de, kat, senk, ywit ak nèf nan Seksyon 1726 nan Lwa sou Pwosedi Tribinal Manman Pòtez yo (Surrogate's Court Procedure Act), avèk dokiman sa a, ap modifiye pou pèmèt nenpòt paran, yon gadyen legal, yon responsab legal, oswa responsab prensipal ki ap travay oswa fè volontarya nan etablisman swen sante yo oswa ki kwè yon nivo rezonab ke yo ta ka otreman ekspoze a COVID-19, ka chwazi yon gadyen ranplasan apati yon chwa ke yo fè alekri, konfòmman a pwosesis ki te etabli nan soudivizyon sa yo; epi chwa sa a ta dwe vin rantre an vigè tou konfòmman a pwosesis ki te etabli nan soudivizyon sa yo; ak
- Seksyon 3216(d)(1)(C) ak 4306(g) nan Lwa sou Asirans lan (Insurance Law), ki sijè a konsiderasyon Sipè-Entandan Sèvis Finansye a sou likidite ak sòlvabilite konpayi asirans, antrepriz ki aplikab la, ki sijè a Atik 43 nan Lwa sou Asirans lan, oswa òganizasyon mentnans sante ki sètifye konfòmman a Atik 44 nan Lwa sou Sante Piblik la (Public Health Law), pou:

- Pwolonje peryòd pou peman prim yo pi ta apre dat ekspirasyon peryòd gras kontraktyèl ki aplikab la ak 11:59 p.m. nan dat 1 Jen 2020, pou nenpòt antite ki posede politik asirans sante global oswa kontra sou yon politik oswa kontra endividyèl, jan ke yo itilize kondisyon sa yo nan seksyon sa yo, ki ap fè fas a difikilte finansye kòm yon konsekans pandemi COVID-19 la; epi
- Mande pou konpayi asirans, antrepriz ki aplikab la, ki sijè a Atik 43 nan Lwa sou Asirans lan, oswa òganizasyon mentnans sante ki sètifye konfòmman a Atik 44 nan Lwa sou Sante Piblik la ta dwe responsab pou fè peman reklamasyon yo pandan peryòd sa a, epi yo pa ta dwe yon fason retwoyaktif mete fen nan politik oswa kontra asirans lan poutèt moun pa peye prim yo pandan peryòd sa a.

AN PLIS, Mwen, avèk dokiman sa a, ap pase entwiksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 7 Me 2020:

- Nenpòt ekipman medikal (Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl (PPE), vantilatè, respiratè, bi-pap, anestezi, oswa lòt ekipman oswa materyèl ki nesèsè yo, jan Komite Sante a te detèmine sa) ke nenpòt antite ki nan Eta a oswa antite ki otreman lokalize nan Eta a kenbe nan yon envantè yo ta dwe rapòte yo nan Depatman Sante a (Department of Health, DOH). DOH ka chanje nenpòt atik sa yo ki nesèsè aktyèlman, oswa ki nesèsè akoutèm nan fiti pou yon etablisman swen sante, pou yo transfere nan yon etablisman ki bezwen envantè sa yo an ijans, nan objektif pou asire ke lopital, etablisman ak pwofesyonèl sante New York yo gen resous ki nesèsè pou kapab fè fas a pandemi COVID-19 lan, epi distribiye yo kote ki gen yon bezwen imedya. DOH ka swa voye envantè a tounen kou yo pa bezwen yo an ijans ankò epi/oswa, an konsiltasyon ak Divizyon Bidjè a, asire ke yo peye konpansasyon pou nenpòt byen oswa materyèl ke yo te achte nan pri ki t'ap domine mache a nan moman yo te achte yo, epi yo ta dwe pwomilge entwiksyon pou biznis ak moun ki ap chèche peman yo.
- An vèti Dekrè Egzekitif 202.3, 202.4, 202.5, 202.6, 202.7, 202.8, 202.10, 202.11, ak 202.13 ki te fèmen oswa otreman limite biznis piblik oswa prive yo oswa espas akomodasyon piblik yo, epi ki bezwen ranvwa oswa anilasyon tout rasanbleman moun kèlkeswa kantite yo pou nenpòt rezon ki pa nesèsè yo (tankou fèt, selebrasyon, match, reyinyon oswa lòt aktivite soysal yo), tout Dekrè Egzekitif sa yo ta dwe kontinye, depi ke dat ekspirasyon Dekrè Egzekitif sa yo ta dwe aliye, yon fason pou ke tout limitasyon biznis an pèsòn ak limitasyon nan espas travay yo pral an vigè jiska 11:59 p.m. nan dat 29 Avril 2020 amwens ke yo te pwolonje yo apre sa pa yon Dekrè Egzekitif nan fiti.
- Aplikasyon nenpòt vyolasyon entwiksyon sa yo ke yo te pase nan dat ak apre dat 7 Avril 2020, an plis de lòt mekanis aplikasyon ki mansyone nan nenpòt dekrè egzekitif anvan yo, ta dwe yon vyolasyon ke yo ka pini kòm yon vyolasyon seksyon 12-b(2) nan Lwa sou Sante Piblik lan, epi Komisè Sante a te resevwa entwiksyon epi li gen otorizasyon pou li pase règleman ijans yo. Sansksyon pou vyolasyon ke yon moun ki ap patisipe nan nenpòt aktivite rasanbleman yo komèt ki vyole kondisyon òdonans yo oswa pa rive obeyi limitasyon distans sosyal ki an vigè yo nenpòt kote ki pa lakay yo pa ta dwe depase \$1,000.
- Entwiksyon ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.4 la jan li amande pa Dekrè Egzekitif 202.11 lan ki gen pou wè ak fèmte lekòl yo nan tout eta a ap modifiye apati de kounye a pou mande tout lekòl yo rete fèmen jiska dat 29 Avril 2020, epi lè sa a y ap retounen evalye si fèmte an ap kontinye. Okenn lekòl pa ta dwe sijè a diminisyon nan èd eskolè yo poutèt yo pa rive respekte kondisyon 180 jou ap fonksyone a kòm yon konsekans epidemi COVID-19 la, depi fèmte yo pa kontinye apre kondisyon ki etabli la yo. Distrik eskolè yo dwe kontinye planifye lòt opsyon ansèyman, distribisyon ak disponibilite manje, ak gadri altènatif yo, ak yon anfas sou bay sèvis a timoun travayè ki esansyèl yo, epi kontinye sèvi anvan avèk jou vakans oswa jou fèmte poutèt lanèj ki rete yo.
- Sipè-Entandan Sèvis Finansye a ta dwe gen otorite pou pwomilge yon règleman ijans, ki sijè a konsiderasyon Sipè-Entandan Sèvis Finansye a sou likidite ak sòlvabilite konpayi asirans, antrepriz ki aplikab la, ki sijè a Atik 43 nan Lwa sou Asirans lan, oswa òganizasyon mentnans sante ki sètifye konfòmman a Atik 44 nan Lwa sou Sante Piblik la, oswa plan sante pou etidyan ki sètifye konfòmman a Lwa sou Asirans § 1124 lan, pou:
 - pwolonje peryòd pou peman prim yo pi ta apre dat ekspirasyon peryòd gras kontraktyèl ki aplikab la ak 11:59 p.m. nan dat 1 Jen 2020, pou nenpòt politik oswa kontra asirans sante global kouvèti ti gwoup moun oswa etidyan yo, oswa nenpòt politik oswa kontra plan asirans sante pou timoun kote antite ki posede politik oswa kontra a ap peye tout prim nan, jan ke yo itilize kondisyon sa yo nan seksyon sa yo, pou nenpòt antite ki posede politik oswa kontra ki ap fè fas a difikilte finansye kòm yon konsekans pandemi COVID-19; epi

- mande pou konpayi asirans, antrepriz ki aplikab la, ki sijè a Atik 43 nan Lwa sou Asirans lan, oswa òganizasyon mentnans sante ki sètifye konfòmman a Atik 44 nan Lwa sou Sante Piblik la, oswa plan sante pou etidyan ki sètifye konfòmman a Lwa sou Asirans § 1124 lan ta dwe responsab pou fè peman reklamasyon yo pandan peryòd sa a, epi yo pa ta dwe yon fason retwoyaktif mete fen nan politik oswa kontra asirans lan poutèt moun pa peye prim yo pandan peryòd sa a.
- Sipè-Entandan Sèvis Finansye a ta dwe gen otorite pou pwomilge règleman ijans ki nesèsè yo pou yo ka aplike Dekrè Egzekitif sa a, ansanm ak règleman ki enkli: (1) egzonerasyon montan frè pou reta yo; ak (2) entèdiksyon pou fè rapò enfòmasyon negatif bay biwo kredi yo.
- Nan objektif pou Lwa sou Manda ak Konfyans Imobilye yo (Estates Powers and Trusts Law, EPTL) 3-2.1(a)(2), EPTL 3-2.1(a)(4), Lwa sou Sante Piblik 2981(2)(a), Lwa sou Sante Piblik 4201(3), Atik 9 nan Lwa sou Byen Imobilye yo (Real Property Law), Lwa sou Obligasyon Jeneral yo (General Obligations Law) 5-1514(9)(b), ak EPTL 7-1.17, aksyon pou moun fè konsta ki nesèsè anba lwa Eta New York nou sot mansyone la yo gen otorizasyon pou li fèt apati itilizasyon teknoloji odyo-videyo yo si yo respekte kondisyon nou pral site la yo:
 - Moun ki ap mande pou yon moun temwen siyati yo, si temwen an(yo) pa konnen moun nan pèsonèlman, dwe prezante Kat Idantite ak foto ki valid bay temwen an(yo) pandan konferans videyo a, pa sèlman transmèt li avan oswa apre;
 - Konferans videyo a dwe pèmèt entèraksyon dirèk ant moun lan ak temwen an(yo), ak avoka ki ap sipèvize a, lè sa aplikab (pa egzanp, pa gen okenn videyo ki te anrejistre alavans moun ki ap siyen an);
 - Temwen yo dwe resevwa yon kopi lizib de paj siyati yo, ke yo ka voye bay yo pa faks oswa mwayen elektwonik, nan menm jou moun nan te siyen paj yo.
 - Temwen an(yo) ka siyen kopi paj siyati yo voye kay li yo epi voye menm dokiman sa a tounen bay moun nan; epi
 - Temwen an(yo) ka refè pwosesis pou vin temwen paj siyati dokiman orijinal apati dat egzekisyon an depi ke temwen an(yo) te resevwa paj siyati dokiman orijinal sa yo ansanm avèk kopi ki notarye yon fason elektwonik yo nan trant jou apre dat egzekisyon an.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan setyèm jou mwa Avril nan
ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a